



Bill de Blasio
Mayor

Consumer
Affairs

Lorelei Salas
Commissioner

Haitian Creole

10 Things Every Consumer Should Know

#1 Tcheke kondisyon lisans yon biznis ak plent moun abitye fè kont li.

DCA bay lisans pou biznis nan anpil douzèn endistri. Pou verifye si yon biznis gen yon lisans DCA ki valab, ale nan sitwèb nyc.gov/consumers. Ou kapab rele 311 tou nan lè biwo louvri pou mande pou yo transfere koutfil ou ba DCA pou jwenn plis enfòmasyon sou kondisyon lisans yon biznis oswa sou nenpòt plent konsomatè yo abitye fè kont biznis lan. Si DCA pa bay lisans pou kalite biznis w ap mennen ankèt sou li a, n ap ede ou chèche konnen si biznis lan anba kontwòl yon lòt ajans vil, konte, eta oswa federal pou ou kapab jwenn plis enfòmasyon.

#2 Chèche règleman pou ranbousman ak limit sou kat kredi, magazen an dwe afiche.

- **Pankat ki Endike Règleman pou Ranbousman:** Magazen yo kapab gen règleman pa yo pou ranbousman, men yo dwe afiche youn toupre kès la kote ou kapab li règleman an san pwoblèm. Pankat la dwe eksplike tout kondisyon oswa limit sou fason pou resevwa yon ranbousman oswa boukantay, tankou si magazen an reklame frè pou re-estokaj, si magazen an mande yon resi, si magazen gen limit tan pou retounen machandiz yo, oswa si magazen an bay ranbousman an avèk lajan kach, kredi oswa kredi magazen an sèlman. Si pa gen règleman pou ranbousman ki afiche, ou kapab retounen nenpòt atik ou pa itilize anvan 30 jou, epi biznis lan dwe ba ou chwa pou pran lajan kach oswa kredi.

- **Pankat ki Endike Limit sou Kat Kredi:** Si yon biznis gen nenpòt kalite restriksyon sou itilizasyon yon kat kredi, tankou si yo mande yon kantite acha minimòm pou itilize yon kat kredi, magazen an dwe afiche règleman an aklè toupre kès la ak nan pòt antre a.

#3 Chèche pri, magazen yo dwe afiche pou machandiz ak sèvis yo.

Biznis ki vann machandiz yo dwe afiche pri yo swa sou atik la oswa sou yon pankat kote atik la ekspoze a. Li ilegal pou fè yon konsomatè peye plis lajan pase pri ki afiche a. Biznis ki vann sèvis yo—pa egzanp, salon oswa moun ki bay sèvis lavaj asèk—dwe afiche pri yo toupre kote konsomatè yo fè kòmman yo nan kès la. Li ilegal pou reklame pri ki diferan pou gason ak fanm pou menm sèvis la, menmsi lis pri yo ka gen lòt diferans nan frè yo. Pa egzanp, yon moun ki bay sèvis lavaj asèk pa kapab reklame pri pou “chemiz gazon” ak “chemiz fanm,” men li ka afiche pri ki baze sou diferans fizik ant chemiz yo (gwozè ki pa regilye oswa lòt patikilarite tankou dekorasyon ki sire, jabo, oswa bouton sofistike).

#4 Mande resi epi konsève yo.

Nan Vil New York, yon biznis dwe ba ou yon resi lè ou achte pou plis pase \$20 dola otomatikman, ak lè ou mande resi pou sa ou achte ki vo ant \$5 dola ak \$20 dola. Yon resi *pa ka* montre dat ekspirasyon yon kat kredi oswa plis pase senk (5) dènye chif kat kredi a, men li dwe montre:

- Non ak adrès biznis lan epi, si biznis lan gen lisans DCA, resi a dwe montre “Department of Consumer Affairs” ak nimewo lisans lan
- Kantite lajan kliyan an peye pou chak atik
- Kantite lajan total kliyan an peye, ansanm ak yon liy apa pou nenpòt taks
- Dat acha a
- Mak ak modèl nenpòt aparèy elektwonik kliyan achte epi ki koute plis pase \$100 dola

Ou bezwen yon resi pou fè yon plent nan DCA.

#5 Fè atansyon nan fo reklam ak mètdam.

Reklam pou lavant yo dwe bay deskripsyon sou non, varyete, ak gwosè atik pou vann yo, epitou reklam yo dwe bay deskripsyon sou nenpòt restriksyon, ki pa ka ekri an lèt fen. Anons “ki atire kliyan pou twonpe yo” ki pwomèt ekonomi lajan ki pa disponib ditou lè ou rive nan magazen an ilegal. Pankat “lavant avèk rabè” ki andedan magazen an dwe montre pri anvan lavant avèk rabè a akèl, epi biznis lan dwe gen bon kantite ki disponib. Si yon magazen fè reklam pou endike li gen yon lavant espesyal avèk rabè akòz domaj dife, lafimen oswa dlo lakòz oswa paske yo pral fèmen biznis lan, paske yo pral fè likidasyon, oswa paske yo pral pèdi kontra afèmaj yo, oswa pake y ap fè modènizasyon, yo dwe gen yon lisans DCA pou Lavant Espesyal avèk Rabè a. Pi bon règ debaz pou nenpòt òf se: si li sonnen twò bon pou li vrè, li pètèt vrè.

#6 Chèche yon so DCA sou balans yo, ponp gaz yo ak kamyon livrezon lwil chofaj nan kay, ki montre yo te pase enspeksyon.

DCA enspekte tout balans yo itilize nan magazen ak nan ayewopò pou prezizyon. DCA enspekte prezizyon ak kalite gazolin estasyon gaz ak kamyon livrezon Vil New York yo distribiye. Magazen yo dwe mete balans yo nan pozisyon yon fason pou ou kapab wè pwa ak pri pou chak liv, epitou yo dwe retire pwa resipyan an—oswa “pwa anbalaj” la—nan atik yo peze a.

#7 Pwoteje idantite ou.

Pa janm bay enfòmasyon pèsònèl ou nan telefòn, nan imèl oswa nan tèks, oswa nan sitwèb medya, sitou si w ap itilize yon òdinatè piblik oswa yon Wi-Fi piblik, epitou pa janm dechikte papye ki gen enfòmasyon pèsònèl ou. Pwoteje òdinatè ou, tablèt enfòmatis ou, ak telefòn entèlijàn ou kont viris ak “lojisyèl malveyan” avèk lojisyèl sekirite ak parafe. Revize rapò kredi gratis ou chak ane pou wè si gen aktivite ou pa fè nan sitwèb annualcreditreport.com. Si ou se yon viktim vòl idantite, mete yon alèt pou fwod sou rapò kredi ou epi rapòte vòl la

ba Komisyon Komès Federal [Federal Trade Commission (FTC)] nan sitwèb ftc.gov/idtheft ak nan pòs lapolis zòn ou.

#8 Fè rechèch sou kontra yo, negosye yo, epi revize yo avèk anpil atansyon.

Mande referans yo epi tcheke yo anvan ou achte machandiz oswa sèvis ki chè yo. Mete ou alèz pou negosye pou eseye jwenn pi bon pri posib la. Toujou li kontra yo avèk anpil atansyon anvan ou siyen yo, epi sonje pou verifike si tout dokiman ekri yo gen detay enpòtan epitou si yo se menm avèk sa magazen an pwomèt yo. Pa achte anyen si efò biznis lan ap fè pou vann twò agresif oswa si ou santi ou pa alèz, epi pa janm siyen yon dokiman ou pa konprann oswa ki gen espas vid yon moun kapab ranpli annapre.

#9 Rezoud pwoblèm dèt ou epi pran kontwòl finans ou.

Si w ap debat avèk dèt, [rele 311](http://rele311.com) pou pran yon randevou pou jwenn konsèy finansye gratis fasafas nan youn nan Sant Endepandans Finansye (Financial Empowerment Centers) Vil la. Konseye pwofesyonèl yo kapab ede ou fè biznis avèk ajan rekouvremant dèt yo, konprann rapò kredi ou, kreye yon bidjè, louvri yon kont labank, ak plis. Pou ede ou jwenn klas ak sesyon enfòmasyon sou edikasyon finansye gratis oswa pou yon ti pri ak bon kont labank, ale nan sitwèb nyc.gov/consumers.

#10 Fè yon plent si ou te gen yon pwoblèm biznis lan p ap rezoud.

Fè yon plent ba DCA nan sitwèb nyc.gov/consumers oswa depi ou [kontakte 311](http://kontakte311.com). Medyatè DCA yo ap ede ou. Ou kapab fè plent ou nan anpil lang.

NYC

Bill de Blasio
Mayor

**Consumer
Affairs**

Lorelei Salas
Commissioner

42 Broadway, New York, NY 10004

Visit nyc.gov/consumers

Contact 311 | (212) NEW-YORK (Outside NYC)

YouTube



Instagram

@NYCDCA